

UM-NSU CARD la pou li sipòte yon fanmi, konsiltasyon ak resous teknik, antrenman ak sèvis klinik pou tout moun ki kalifye, fanmi yo ak ajans ki nan kominote-a ak tout pwofesyonèl ki bay yo sèvis.

Ki Jan Pou Kalifye

Tout moun ninpòt laj ki genyen yon dyagnostik kalifye (tankou, men pa sèlman Reta Devlopmanal, Doub andikap sansoryèl, osinon Sans difikilte ak lòt kondisyon Andikap), fanmi yo, ajans/pwofesyonèl ka jwen sèvis gratis nan CARD.

Tanpri ale nan UM-NSU CARD Sit entènèt (www.umcard.org osinon www.nsucard.org) pou plis enfòmasyon de kalifikasyon oubyen rele UM-NSU CARD 1-800-928-8476 peze 1.

Ki Jan Pou Kliyan Anrejistre

Tout fanmi ki entèrese pou anrejistre avèk Sant pou Otis ak lòt maladi menm jan (Center for Autism and Related Disabilities) dwe rele nimewo ofis kote yo ye-a. Yap pran yon randevou ak yon pwofesyonèl pou kòmanse anrejistrasyon an. Lè tout fòm yo fin ranpli epi sant la jwenn tout dokiman yo (egzanp, fòm konsantman ak papye pèmisyon e dokiman dyagnostik), dosye pou kliyan vin-n kreye. Ka-a pral revize epi yon teknisyen gen pou-l rele-w, tanpri ba nou 1 ak 2 semenn.

Deskripsyon Sèvis CARD

Sipò pou yon fanmi (visit pou fanmi lakay ak lekòl, konsiltasyon nan biwo, ect..)

Konsiltasyon ak Asistans Teknik (demand lekòl, ajans yo pou diferan pogram)

Antrenman (seminè, konferans)

Sèvis Sipò Klinik (gwoup sipò, resous ak referans)

Kijan pou Jwenn Sèvis CARD

<u>Si ou se yon Kliyan osinon Yon Fanmi</u>		<u>Si ou se yon Lekòl/Ajans Administratif, Pwofesè ou lòt kalite Sèvis</u>	
<u>Ki sèvis ou ta bezwen</u>	<u>Ki sa ou dwe fè</u>	<u>Ki sèvis ou ta bezwen</u>	<u>Ki sa ou dwe fè</u>
Vizit Ofis	Kontakte UM-NSU CARD Lokalite pou mete yon randevou avèk pwofesyonèl UM-NSU CARD	Konsiltasyon/ede ak teknik pou elèv/clian	Kontakte UM-NSU CARD biwo. Après sa, wap jwenn yon fòm asistans teknik pou rempli epi retounen fòm la.
Vizit lakay	Kontakte UM-NSU CARD lokalite pou mete yon randevou avèk pwofesyonèl UM-NSU CARD	Konsiltasyon/asistans teknik pou pogram/Lekòl/ Klas/ Ajans	Kontakte UM-NSU CARD biwo. Après sa, wap jwenn yon fòm asistans teknik pou rempli epi retounen fòm la.
Lekòl/Ajans Konsiltasyon	Kontakte administratè, pwofesè lòt ajans pwofesyonèl pou di ou ble konsilte yon pwofesyonèl UM-NSU CARD. Moun sa dwe kontakte biwo UM-NSU CARD pou pale objektif vizit la e pi plase dat ak lè pou vizit la.	Antrenman/Seminè/ Konferans	Kontakte UM-NSU CARD biwo. Après sa, wap jwenn yon fòm asistans teknik pou rempli epi retounen fòm la.
Antrenman/Seminè	Al gade UM-NSU CARD sit entènèt pou wè tout lè seminè ak antrenman yo. Osinon rele yon biwo lokal CARD pou mande yon kalandrie seminè.		

Si ou ta renmen mande sèvis, tanpri rele:

Rejyon Miami-Dade 1-800-9-AUTISM x 1 Rejyon Broward County (954- 262-7111 Rejyon Monroe 1-800-9-AUTISM x 1